Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 10 (6697) 9 март 2019 с. Итни Ражаб 1441 с. Багъа - эркенаб

БАРКИ

## Баркула, руччаби, микьабилеб март - Нуж кIодо гьарураб гьайбатаб байрам!

**ХIурматиял Бакълъулазул районалъул руччаби! РакI-ракIалъ баркула нужеда, ихдалил байрамазул тIоцебесезул цояб – 8 март. Нилъер улкаялда гьеб байрам кIодо гьабула бищунго хIурматияб къагIидаялъ.**

ЧIужугIадан – гьей ккола инсанасул талихI-рохел, лъикIабщиналде анищ, хьул. ЧIужугIаданалъ цIунула хъизаналъул къайи-свери, гьелъул кверазги, гIакълъуялъги, махщалицаги гIуцIула дунял. Бищунго аслияб, чIужугIадан – гьей йиго эбел. ГIицIго гьеб рагIуе гIоло гьей мустахIикъай йиго гIорхъи гьечIеб хIурматалъе, адабалъе ва тIалаб-агъазалъе. Гьелъул гьумералда рохел, гьими ва разилъи букIин ккола нилъее жинда бащадаб цойги гьечIеб, бищунго кIудияб хазиналъун.

Араб гIасруялда руччабаз нахъа тана бахIарчияб кьерхьеялъул гьайбатаб нух. Бихьиназда цадахъ гьел кьеркьана талихIаб букIинеселъе гIоло. КIудияб ВатIанияб рагъул соназда гьел тыл щула гьабиялда свак лъачIого хIалтIана. ТIолабго улкаялъул руччабазго гIадин, бакълъулазул руччабазги хIаракатаб гIахьаллъи гьабулеб буго районалъул экономика борхизабиялда, лъималазе лъайгун тарбия кьеялда, сахлъи цIуниялда, гIадамазе социалияб хъулухъ гьабиялда.

ХIурматиял руччаби, гьарула нужее щулияб сахлъи, гIемерсоназулаб талихIаб ва рохалилаб гIумру, хIалтIулъ бергьенлъаби. Биччанте нужер гьурмалъ ва рекIелъ букIине разилъи, рохел. Биччанте нужер хъизаналъулаб гъаситоялда кидаго букIине цIа, парахалъи, гьарзалъи. Нужелъ кидаго цIунун хутIаги магIарул чIужугIаданалъулаб гIаданлъи, яхI-намус, гурхIел-рахIму!

Цойги нухалъ руччабазда байрамги баркулаго, бокьун буго рехсезе Дагъистаналъул машгьурав шагIир ГIабасил МухIамадил «Дунял чIаго гьабизе» абураб кочIолъа мухъал:

Дунял чIаго гьабизе багIарбакъ
гIахьаллъула,
ГIумруялде ахIизе хIалкIолъи
цо дур ккола.
Халкъалъул жан борхизе байрамалъул кьо щола,
Къанщараб ракI бохизе бер
дуда чIвараб гIола.
Ракьул гьумер цIилъизе
цIидасан их рештIуна,
ГIаламалда тIегь базе
тIокIкIарай мун ячIуна».

ХIурматиял руччаби, гьарула киназего талихIаб гIумру, рохел, сахлъи, гьабулеб ишалъулъ икъбал, хIалтIулъ, цIалулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Лъанлъарибе кьо...

### ГIурул рагIаллъаби щула гьариялъул суал борхана

**29 февралалда Бакълъулазул районалъул администрациялда гIуцIана гIадамал къабул гьари. Гьениве вачIун вукIана Дагъистаналъул МЧСалъул министрасул заместитель Надим Велиханов.**

Тадбиралда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов, районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиев, гражданскияб оборонаялъул ва гIадатияб гуреб ахIвал-хIалалъул ишазул рахъалъ бетIерав специалист Мурадбег ХIажимурадов, республикаялъул ведомствабазул хIалтIухъаби ва цогидал.

«Сельсовет “Игалинский”» росдал поселениялъул бетIерасул ишал тIуразарулев Сулайман Сулаймановас Игьали ва Лъанлъари росабазул гIадамазул рахьалдасан рорхана Лъанлъари росулъе бугеб кьоялъе ремонт гьабизе, гьединго гIадамазул минабиги ахал-хурзалги лъим кIанцIун зарал кьеялдаса цIунизе гIорул рагIаллъи щулалъиялъе кумек гьабиялъул суалал.



«Село Нижнее Инхо» росдал поселениялъул бетIер МухIамад Ибрагьимовас гьарана 2019 соналъул 9 маялда бараб горогун цIадалъ минабазе гьабураб зарал рукIалиде ккезабизе гIадамазе материалияб кумекалъул гIарац кьеян. Гьес гьединго абуна ГIандигIорул рагIаллъабазда дамбаби гьаризе кколеб хIал бугин цIадал ралелдеян.

Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас абуна Гъоркь Инхо росулъе хасаб комиссия битIизе бугин гьеб масъала гIумруялде бахъинабизе.

Районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас гьарана Дагъистаналъул МЧСалъул специалистал муниципалитеталде ритIеян ва районалъул лъайкьеялъул учреждениязул хIалтIухъабазе цIа ккеялдаса цIуниялъул курсал тIоритIеян. ДандчIваялда гIенеккана Россиялъул МЧСалъул академиялде ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школа лъугIарав выпускник восизавиялъе квербакъеян абураб суалалъухъги.

Дагъистаналъул МЧСалъул министрасул заместитель Надим Велиханов ва ведомствабазул специалистал кIвар кьун гIенеккана районалъул гIадамазул гьариязухъ, бичIчIизабуна гьенир рорхарал социалиялгун экономикиял суалазда хурхан.

**Макка МухIамадова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Тайпадулаб гIиялъул ункъо магIишат

### АПК цебетIезабиялъул суалазул халгьабуна районалъул администрациялда

**2 марталда «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда тIобитIана АПК цебетIезабиялъул ва цогидалги кIвар бугел суалал гьоркьор лъураб данделъи.**

Данделъи рагьана ва бачана Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.

Районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас бицана районалда тайпадулал магIишатал кIиго нухалъ цIикIкIанин.

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



«ХIаригабурлъухъ»

-2 гьум.



Прохоровкаялда чIаго рухIарал лъимал

-2 гьум.



Фронталдаги ракълилаб захIматалдаги цебехъанлъи

-3 гьум.



9348 хъулухъ...

-3-4 гьум.

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# «ХІаригабурлъухъ»

### Хъвадарухъанасул ТІолгодунялалъул къоялъ дандчІвана шагІир ва прозаик ХІамзат ГІизудиновгун

**3 марталда Инхоса ГІали-хІажиясул цІаралда бугеб централияб библиотекаялда дандчІвана «Гумбет» газеталъул бетІерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член, Юсуп Хаппалаевасул цІаралда бугеб премиялъул лауреат, шагІир, прозаик ва публицист ХІамзат ГІизудиновгун.**

Централияб библиотекаялъул нухмалъулесул ишал тІуразарулев МухІмуд Загьировас ва гьеб гІуцІиялъул хІалтІухъабаз ХІамзат ГІизудиновасда баркана хъвадарухъанасул ТІолгодунялалъул къо, гьарана хадурккунги творческияб хІалтІулъ бергьенлъаби, талихІ-рохел.

ХІамзат ГІизудиновас баркала загьир гьабуна дандчІвай гІуцІаралъухъ, цІалана цо-цо цІиял асарал, бицана басмаялъул хІалтІул хІакъалъулъ.

«Художественнияб рагІи ахІараб буго гІумруялъул битІараб рахъ бихьизабизе, унго-унгояб адабияталъ инсанасулъ гьира-шавкъ бижизабула, дунял гвангъараблъун, баракатаблъун, лъикІаблъун лъугьинабула. Гьаб соналъ къватІибе биччазе буго «ХІаригабурлъухъ» абураб дир цІияб тІехь. Гьебго цІаралъул гьитІинаб къиса бахъун буго Россиялъул халкъазул асаразул антологиялъулъги. ГІадан кинабго рахъалъ цебетІуравлъун лъугьиналъе кІудияб кІвар буго библиотеказул. ТІахьал цІалулезул къадар цІикІкІаги библиотекабазул хІалтІухъабазе»,-ян абуна ХІамзат ГІизудиновас.



Тадбиралъул ахиралда централияб библиотекаялъул хІалтІухъабазул рахъалдасан, гьеб учреждениялъул нухмалъулев МахІмуд Загьировас ГІизудиновасе сайгъат кьуна.

**«Гумбет» РИО**

ВАТІАНИЯБ ТІАЛАБ ТІОБИТІУЛАГО

# «Ракълилаб Дагъистан» проекталъул презентация

**Бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул учреждениязда тІоритІулел руго Дагъистаналъул гІолилазул министерствоялъул «Ракълилаб Дагъистан» проекталда хурхун тадбирал.**

Районалъул гІолилазул гІуцІиялъул хІаракаталдалъун гьабулеб буго проекталъул презентация. Гумбеталъул гІолилазул централъул нухмалъулесул заместитель, мугІрузул территориалияб округалда «Патриоты» АО-Оялъул вакил Заур Халидов, гІолилазул централъул бетІерав специалист МухІамад Маккашарипов, балугълъиялде рахинчІезул ишазул ва гьезул ихтиярал цІуниялъул рахъалъ комиссиялъул аслияв специалист СагІид ГІубайдулаев щвана ЧІиркъатІа гьоркьохъеб школалде.



ДандчІваялъул заманалда школлъималазул лъай-хъвай гьабуна проекталъулгун, гьезда бицана гІагараб ракьалъул тІабигІаталъул хасльабазул, Дагъистаналъул рикІкІен гІемерал гІадатазул, гІемермиллатазулаб регион машгьур гьабурал гІадамазул. Гьединго цІалдохъабазда бичІчІизабуна терроризмалъул, экстремизмалъул идеологиялъул, интернет гьиналъул хІажат гьечІеб заралияб кьорикье ккелдаса цІунизе ккеялъул.

Проекталъул презентация гьабуна ЦІиликь гьоркьохъеб школалдаги. Хадурккун гьединалго тадбирал районалъул цогидал школаздаги тІоритІизе руго.

**«Гумбет» РИО**

# Тайпадулаб гІиялъул ункъо магІишат

**(Байбихьи-тІоцебесеб гьум.)**

«ГьабсагІат ругел тайпадулал магІишатазда тІадеги рагьана «Интеграл» ва «Салам-А» магІишатал. «Мехельтинский» СПКялъул ва «Чед» КФХялъгун цадахъ, цІиял магІишатазги машгьур гьабизе буго муниципалитет ва республика регион бахун къватІибехунги. МагІишатазда унел руго ихдалил хурулал хІалтІабиги»,-ян абуна Ибрагьим Ибрагьимовас.

Россиялъул пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев ТІалхІат Жамалудиновас тІадчІей гьабуна хІалтІул электронниябкъагІидаялда, хІаракатчилъиялъул цифровияб къагІидаялде дагь-дагь ккун рачІиналда.

ДРялъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГІумар МухІамадовас баян гьабуна араб хІалтІул анкьалъ филиалалъул специалистаз гІадамазул 216 гІарзаялда рекъон пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ тІубанин. Районалъул бетІерасул кумекчи МухІамад Зубайировас бицана «Ракълилаб Дагъистан» проекталъул презентация гьабунин ЧІиркъатІа.

Централияб больницаялъул тохтурзабазул къокъа Аргъвани ва ЦІилик росабалъе ана медицинаялъул кумек гІадамазе гьабизе ва медицинаялъул халгьаби бакІалдаго тІобитІизе. ЦРБялъул бетІерав тохтурасул ишал тІуразарулев МухІамадхІабиб Абакаровас абуна сахлъи цІуниялъул учреждениял лъикІ хІалтІулел ругин. Лъедалъун централияб больница хьезабиялъе кумек гьабунин «Сельсовет "Мехельтинский"» росдал поселениялъул бетІер МухІамад ГІабдунасировас.

Районалъул бакІал раялъул ва архитектураялъул рахъалъ бетІерав специалист ХІажимурад АхІмаднабиевас баян гьабуна федералияб ва республикиялъулал программабазда гІахьаллъулел рукІин. «Сельсовет "Мехельтинский"» АСПялъул бетІер МухІамад ГІабдунасировас бицана къватІахъ хІубазда чирахъал лъолел, райцентр лъедалъун хьезабиялъе хІалтІи гьабулеб букІиналъул.

Районалъул экономикаялъул, росдал магІишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас абуна районалъул Собраниялъул иргадулаб сессиялде хІадурлъулел ругин, планалде босун бугин гьенив районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадов 2019 соналъ гьабура хІалтІул бицун кІалъазе. Гьес гьединго рорхана районалда федералияб ва регионалияб проектал тІураялъул суалал.

«Аргъвани гьоркьохъеб школалда мугІалимазул семинар-совещание тІобитІана, Дагъистаналъул лъайкьей цебетІезабиялъул институталъул нухмалъулев ХІамзат Жамалудиновги гІахьаллъун. Школазда унел руго комплексниял хал гьабиял. ХІадурлъи гьабулеб буго ГИА, ОГЭ ва ЕГЭ кьеялде»,-ян бицана районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухІамадовас.

Районалъул администрациялъул муниципалияб учреждениязул централияб бухгалтериялъул нухмалъулев Гьайирбег АхІмадовас рорхана библиотечниял фондазул инвентаризация гьабизе ккеялъул ва цогидалги кІвар бугел суалал. Районалъул маданияб гІумруялъул, РакІалде щвеялъул ва реццалъул лъагІел кІодо гьабиялда хурхун тІоритІарал тадбиразул бицана культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХІайбула ГІабдурахІмановас.

Коррупциялда данде кьеркьеялъул рахъалъ районалъул бетІерасул кумекчи НурмухІамад ГІизудиновас ракІалде щвезабуна доходазул ва расходазул хІакъалъулъ декларациял жиндир заманалда кьезе ккеялъул хІакъалъулъ. Районалъул бетІерасул заместитель МухІамад Хьарагишиевас данделъиялъул хІасилал гьаруна, киналго ахІана район цебетІезабиялъе гІоло лъикІ хІалтІизе, цебетІеялъул федералияв ва регионалияв программабазда гІахьаллъизе.

**Информациялъул «Гумбет» гІуцІи**

ВАТІАНИЯБ ТІАЛАБ ТІОБИТІУЛАГО

# Прохоровкаялда чІаго рухІарал лъимал

### МелъелтІа гьоркьохъеб школалда тІобитІана «Рагъул лъимал» ракІалде щвеялъул къо

**3 марталда Чалаби Бекмирзаевасул цІаралда бугеб МелъелтІа гьоркьохъеб школалда тІобитІана маданиябгун тарихияб, рагъулабгун патриотияб «Рагъул лъимал» тадбир. Гьеб гІуцІараб букІана РакІалде щвеялъул ва реццалъул соналъул ва КІудияб ВатІанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 75 сон тІубаялъул хІурматалда.**

**Тадбир рагьана ва бачана** МелъелтІа гьоркьохъеб школалъул нухмалъулесул тарбия кьеялъул рахъалъ заместитель ГІабдурахІман Дайитмирзаевас. ЦІалдохъабазда ва цоги гІахьалчагІазда цере кІалъазе рахъана КІудияб ВатІанияб рагъул соназул кьогІлъи ракІалда чІарал Нина Кузенко ва Гулисат Худатбегова.

Белгород областалъул Прохоровка росулъ 1938 соналъ гьаюна Нина Кузенко. Гьениб КІудияб ВатІанияб рагъул заманалда унеб букІана инсаниялъул тарихалда бищун захІматазул цояб - танкабазулаб рагъ. Гитлерилаз руччабиги, хералги, лъималги чІаго рухІулел рукІараблъи бихьана гьелда лъимерлъиялъул заманалда. Нинаца бицана фашистаз кинаб гІазаб-гІакъуба жалго щварал ракьазда гІадамазе кьолеб букІарабали, гІолеб гІел ахІана рагъул хІакъалъулъ ва ВатІаналъе гІоло рагъарал рекІелъ цІунизе.

Гулисат Худатбеговалъги тылалда букІараб захІматаб гІумру ракІалде щвезабуна, гьарана россиялъулазе рекъел ва парахалъи. Лъималаз рихьизаруна КІудияб ВатІанияб рагъул темаялда сценкаби, рицана ва ахІана кучІдул. ЦІалдохъабазул гьел номерал хІадурана мугІалим Равзанат ГІумаровалъ ва цогидазги.

Тадбиралда кІалъазе рахъана культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХІайбула ГІабдурахІманов, «Гумбет» газеталъул бетІерав редактор ХІамзат ГІизудинов, районалъул руччабазул Советалъул председатель Загьра ГІабдулаева, лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухІамадов.

РакІалде щвеялъул къо тІобитІиялъулъ хІаракатаб гІахьаллъи гьабуна мугІалим – психолог Калимат МухІидиновалъ, пионервожатая Мадина МухІамадовалъ. Россиялъул халкъазул гІадатияб маданияталъул централъул нухмалъулев, ДРялъул культураялъул мустахІикъав хІалтІухъан Набигула АхІма-дибировас рихьизаруна документалиял фильмал. Бакълъулазул районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас кІудияб кІвар кьолеб буго гІолеб гІелалъе ВатІан бокьиялъул, рухІиябгун лъикІаб гІамал - хасияталъул тарбия кьеялъул суалазде.

РакІалде щвеялъул ва реццалъул соналъул хІурматалда муниципалитеталда щибаб анкьалъ тІоритІула акциял, викторинаби, конференциял ва цогидалги тадбирал.

**«Гумбет» РИО**

# Депутат НурмухIамад ГIалиевас кумек гьабуна

**Ахирияб 15 соналъ щибго ремонталъулаб хIалтIиги гьабичIого, чIунтараб бакI гIадин букIана Бабаюрталда бугеб ветлечебницаялъул мина.**

Хасалил заманалда Бабаюрталъул зонаялда букIуна гIи-боцIул цIикIкIараб къадар. ГIи-боцIуе гьаризе кколел плановиялги планалда гьечIелги хIалтIаби хъутабазда гIемер рукIуна. ВетхIалтIухъабиги цогидал специалисталги гьабизе бугеб хIалтIул бицине данделъизе стол, бакIал лъезе кабинет, ветеринариял дараби лъезе хасаб бакIцин гьечIого букIана ветлечебницаялъул мина. Гьеб ремонт гьабун къачIазе гIарац биччазе рес гьечIин абулаан тIадехунисел идарабазги. Гьале 2019 соналъ ДРялъул Халкъияб Собраниялде депутат НурмухIамад ГIалиевасул кумекалдалъун, росдал магIишаталъул ва кванил нигIматазул министерствоялдасан биччана 200 азарго гъурущ, бажарана кIиго кабинеталдагIаги ремонт гьабизе, нуцIбигордал лъезе, тIубанго мина ремонт гьабун лъугIизабизе кIвечIо.

Районалъул ветеринарияб управлениялъул минаялдаги буго гьединабго хIал. 1975 соналдаса гьабун гьечIо гьениб капиталияб ремонт. Ветучасток, ветпункт бугел росабалъ гьел учреждениязул жалго бетIергьанал производственниял минаби гьечIо.

Районалъул «Гумбет» газета гьоркьоб ккун, ветеринарияб хъулухъалде бербалагьи гьабурав депутат НурмухIамад ГIалиевасе баркала загьир гьабизе бокьун буго. Гьединго районалъул нухмалъулездаги республикаялъул ветеринарияб идаралъул нухмалъиялдаги гьаризе бокьун буго ветеринарияб хъулухъалъе кумек гьабеянги.

**ГIали ГIалиев, районалъул ветуправлениялъул нухмалъулев**

# Шамил щив кколев?

Шамил щив чияли лъазе бокьарал,
Лъалхъе АхIулгохIда дагьаб лахIзаталъ.
Долъул щулалъабаз, щобаз, къурабаз,
Кьела нужей жаваб жеги ракIчIараб.
Ралагье сверухъе, сиртаз бицина,
Сверун чалма къарав чиясул хабар.
Чанги багьадурас би гIодоб тIурал,
Байдабаз гьабила гьезие нугIлъи.
Гьенир шагьидлъараз щурила нужей,
ШаригIат цIунарав цIумил хIакъалъулъ.
ЦергIадин гIалахалъ баян гьабила,
БахIарчияв имам щив кколевали.
Щибаб чIимихалъцин чIухIун бицина
ЧIалгIинчIого хвалчен лъица хьвагIараб,
Лъарлъун би чвахарал чабхалъ бихьула,
Чанги гIажаиблъи гIодизарулеб.
ГIурусаз гъурарал гьазизабазул,
Занал чIвачIел хобаз цIурал хабалаз.
Халкъ зияраталде данде бакIарун,
Бицуна хIакъикъат къойил букIараб.
Кьоло щуго соналъ вагъарав имам,
Аварагас гурищ къабул гьавурав?
КъватIир улкабазул халкъалда гурищ,
Гьесул хвалченалъ нилъ лъазе гьарурал?
Вагьана гьирадулъ гьалбацI кинигин,
Гьазават Аллагьас амрулъун гьабун.
УхIуд мегIералда Авараг гIадин,
АхIул гохIда Шамил шаригIат цIунун.
Шамил щив чияли лъазе бокьарал,
Лъалхъе АхIулгохIда дагьаб лахIзаталъ.
ДугIа гьабун гьаре БетIергьанасда
Баракат, шафагIат цвагиян гьесул!

**СагIид Ордашов, ИчичIали росу**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО
КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ -75 СОН

# Фронталдаги ракълилаб захIматалдаги цебехъанлъи

## Гъули ХIарисеев

**18 сон тIубарабго 1942 соналъ КIудияб ВатIанияб рагъде ана ЛъаратIа росулъа Гъули ХIарисеев. Гитлерилазда данде вагъана Дальний Востокалда 547 аб. къвагьдохъабазул полкалъул 127 аб. дивизиялда.**



Советазул улкаялъул шагьаралгун росаби тушбабазда эркен гьариялъе гIоло вагъулаго Польшаялде щвана. Гьеб пачалихъалда захIматго лъукъана. Бергьенлъи щвараб къоялдаги госпиталалда дандчIвай гьабуна. Сахлъун хадув рокъове тIад вуссана. Хадув Япониялъулгун рагъде витIана цIидасан. 1947 соналъ вачIана рокъове. хIалтIана ЛъаратIа росдал Советалъул секретарьлъун 1947-1958 соназ, хадуб нухазда ремонтерлъи гьабуна, райпоялъул «ЛъаратIа» кафеялъул нухмалъулевлъун хIалтIана. 1980 соналдаса гIумрудул ахирисеб къоялде щвезегIан тIорччол складалъул хъаравуллъун хIалтIана. 1985 соналъ къадаралде щвана Гъули ХIарисеев.

**Барият ГIалиева**

## Багьавудин Мирзаев

**КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьилелде Советияб Армиялда тIадаб хъулухъ гьабулеб букIана Бакълъулазул районалъул ЛъаратIа росулъа Багьавудин Мирзаевас.**



БожутIа рекIкIги гьабун, 1941 соналъул 22 июналда немцазул хъамалчагIи тIаде кIанцIидал, тушманасда данде рахъана советиял солдатал, гьезда цадахъ Мирзаевги. Багьавудиница рагъ байбихьарал тIоцересел къояздасан гIахьаллъи гьабуна Украиналда рагъулъ. Киев эркен гьабиялъе гIоло рагъда захIматго лъукъунги вукIана. Щвана Киев эркен гьабиялъе гIоло медаль ва цогидалги шапакъатал.

ГIагараб ЛъаратIа росулъе тIад вуссана 1945 соналъ.

Багьавудин хIалтIана Бакълъулазул районалъул исполкомалда батIи-батIиял хъулухъазда, хадув райстатуправлениялда. Гьенисан цIализе ана Ростовалъул статистикияб техникумалде ва цIали лъугIун хадув Гъизилюрталда статуправлениялда хIалтIизе ана. Къадаралде щвана 1970 соналъ.

**Барият ГIалиева**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО
ЩИВГО КIОЧОН ГЬЕЧIО, ЩИБГО КIОЧОН ГЬЕЧIО

## Жамал Къурбанов

**Бакълъулазул районалъул ЧIиркъатIа росулъ вукIана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи Жамал Къурбанов. Гьев мунагьал чураяс дие рицарал харбазул цодагьалго ракIалда чIарал хIужаби «Гумбет» газеталда рахъизе бокьун хъвалеб буго гьаб макъала.**

18 сон барал гIолохъаби ана нилъер росабалъа рагъде ватIан цIунизе. Гьадинаб хабар бицун букIана дие Жамалица:

«Дида цадахъ армиялде витIана гIелбащадав МухIамад Шамсудинов. Грузиялда ругьун гьаруна цо моцIалъ ва хадур рагъде ритIизе кьерда чIезарун рукIарал нижер къокъа кIийиде бикьана. Шамсудинил МухIамадги дунги батIи-батIиял къокъабазулъе ккана. МухIамад гьорлъ вугеб къокъа гамаялда рекIинеян рачун ана, ралъдалъ гамаги бихьулеб бакIалда букIана. Цодагьаб заманалдасан немцазул самолетаз байбихьана бомбаб разе. Гьезул зараралдаса цIунизе гьарурал бакIазде нижги рачана. Гьениса къватIире рачIиндал, гамаги гьечIоан ралъдалъ, Шамсудинил МухIамад гьорлъ вукIараб рагъухъабазул къокъаялъе ккараб жоги лъачIо. МухIамадица цо къоялъ дида абун букIана гьаб къварилъи нилъее гьабурал гьал немцазул цочигIаги жиндирго кверал гьанкъизе бокьун бугоанин. Гьединаб щим букIана МухIамадил немцаздехун.



Жамал гьорлъ вугеб лъебергогIан чиясдасан гIуцIараб аскар цо росулъе бачун буго ва гьениб 500 чи вугеб армия батун буго. Гьенирги рахъ-рахъалде рикьун, 12 чи вугеб взвод мугIрузде ритIун руго ва битIахъего немцазда тIаде ккун руго. Гьениб байбихьана тIоцебесеб рагъги. Аллагьасул талихIалъ немцазул гIемер чи ватун гьечIо. Гьенир фашистазул микьгоял чIван, хутIарал нахъе лъутун ун руго. Дагьалги гьел кватIаралани, нилъеразул патроналги лъугIун рукIун руго.

Бищун захIматаблъун рагъда гIурус мацI лъангутIиялъ, командирас бицунеб жо гIемерисел рагъухъабазда тIубанго бичIчIунгутIи букIанаян бицунаан Жамал Къурбановас.

**Бияхъай МухIамадгIалиев**

ГАРА-ЧIВАРИ

# 9348 хъулухъ...

## ПIадамазул хъулухъ тIубазе хIадурал руго

**Дагъистан Республикаялъул гIемерфункциялъулаб централъул Бакълъулазул районалъул филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовасулгун «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъаналъул гара-чIвари.**

-ГIумар, араб соналда МФЦялъ тIурарал хъулухъазул бицине бокьилаан?

-2019 соналда Бакълъулазул районалда бугеб гIемерфункциялъулаб «Дир документал» централъ тIубан буго 9348 пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ. Гьезда гьоркьоса цо-цо тIурарал хъулухъал рехсани: росабазул поселениязул муниципалияб 451 хъулухъ, батIи-батIиял идарабазул справкаби къун руго 67, къун буго 53 чиясе коммуналиял хъулухъазухъ субсидия, Пачалихъияб хъулухъалъул порталалда хъвай-хъвагIай гьабун буго 652, лъималазе пособие чIезабиялда хурхараб (свидетельство, медицинаялъулаб полис, прописка гьаби ва гь.ц.) 244, медицинаялъул страховияб полис къун буго 210. МФЦялъ бизнесалъе (комплексниял хъулухъал) 210,

(Ахир-ункъабилеб гьум.)

# 9348 хъулухъ...

**(Байбихьи -лъабабилеб гьум.)**

МВДялъул справкаби кьун руго 133, цIиял паспортал росизе документал кьун руго 177, хисун буго 212 чиясул паспорт, 319 чиясул гьабун буго хъвай-хъвагIай. Росдал магIишаталъул ва кванил нигIматазул министерство-



ялъул тIубан буго 40 хъулухъ ва гIадамазе гьениса щун буго 30 миллион гIанасеб гъурущ. БакIал раялъул ва рукIарахъиналъулгун коммуналияб магIишаталъул министерствоялъул тIубан буго 7 хъулухъ ва гIадамазе щун руго рукъалъул шартIал лъикIлъизариялъе 7 миллионалдаса цIикIкIараб гъурущалъе сертификатал. Лагералде лъимал ритIиялъе кьун буго 80 путевка. Гьединго кьун буго 28 чиясе чанахъанлъиялъул билет, 61 ракьул участкаялъе хIадурун буго межевияб план, 35 минаялъе технический план. ОПФРалъул тIубан буго 1096 хъулухъ, Росреестралъул 3114 хъулухъ, захIматалъул ва социалияб цебетIеялъул министерствоялдасан пособиял чIезариялъул 954 хъулухъ. ТIубан буго налогалъулаб инспекциялда 212 хъулухъ.

**-2020 соналда тIаде бачIараб цIияб хъулухъ бугищ?**

- ТIаде рачIарал хъулухъаздасан цояб ккола машина бачине ихтияралъул документ (водительское право) (тIагIараб, хвараб , заман лъугIараб хиси. Гьеб хъулухъ тIубала нижеца. Гьеб тIубазе рачIунаго цадахъ босизе ккола паспорт, басрияб водительскияб право, больницаялдаса справка ва 2000 гъурущ госпошлина.

**-Ахиралда щиб дуца абилеб?**

- Кидаго гIадин, хIалтIухъабазул кIвар буссараб буго гIадамазе гьабулеб хъулухъ къокъаб болжалалда тIубазабиялде. Нагагь тIубачIеб, бичIчIунареб ва цогидалги суалал ругони телефоналдасан ахIе.

**Гара-чIвари гьабуна ГIайшат Исламбиевалъ**

РОСАБИ-РОХХЕНАЛ

**ИчичIали росу**



ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

## БоцIул бетIергьаби ралагьулел руго

**Бакълъулазул районалъул ЛъаратIа росулъ руго бетIергьанчи лъаларел кIиго бече ва цо баси.**

**Бече багIаргьинаб кьералъул, гIуж-кваранаб гIиналда цебе-нахъа гIарти, квегIалда цебе гIарти. Баси буго гьебго гIужалъул, чIегIераб, лъабилаб. Цояб бече буго чIегIераб, квегIаб гIиналда цебе-нахъа гIарти кваранаб цебе гIарти гIужалъул.**

**ХIайваназул бетIергьаби гьел рачине рачIаян гьарулеб буго ЛъаратIаса Сайгид ГIалиевас.**

РОХЬИЛ КЪИСА

# ЦIа - рохьил тушман

**Нилъер пачалихъалъул халкъияб бечелъиялъун ва къиматаб хазиналъун ккола рохьал.**

Халкъияб магIишаталъеги тIолабго тIабигIаталъеги буго рохьазул бергьун кIудияб кIвар, щайгурелъул рохьаз ракь цIунула ччукIелаздасангун бихха-хочун иналдаса, кIудияб квербакъи гьабула ракьул регьел цIуниялъе, иццазул, лъаразулгун, гIоразул ва хIатта ралъадазулги лъим цIикIкIинабиялъе. Гьелдаго цадахъ бацIцIад гьабула инсанасги щибаб рухIчIаголъиялъги гIумру гьабиялъе бищунго чара гьечIого хIажатаб гьава. Гьединго рохьахъ гIумру гьабула батIи-батIиял ва рикIкIен гIемерал гIалхул хIайваназ, хIинчI - гьедоялъ ва цогидалги рухIчIаголъабаз.

Балъголъилъун ккола-ро рохьал гьечIони минаби разеги рукъалъеги цогидал хIажалъабазеги цIулги букIунареблъи.

Болъихъ рохьил магIишаталда ругел ГIахьвахъ, Болъихъ ва Гумбет районал рохьазул рахьалъ мискинал руго. Гьединлъидал гьоркьоса къотIичIеб ва къойилаб кIвар кьезе ккола районазул, росабазул тIолалго захIматчагIазги щивав бичIчIи бугевщинав чиясги рохьал цIа ккеялдаса, бикъа-хъамиялдаса цIуниялде, гIезариялде, цIикIкIинариялде.

Жиндир гьалатIалдалъун рохьоб цIа ккани, гьев чиясе уголовнияб тамихI гьабула ва рохьалъе ккараб зарал, кинабго гьениб цIа свинабулаго ккарал харжал гьев чиясда тIад лъола.

ЦIа рохьил тушман буго, гьелъ рохьалъе кIудияб зарал гьабула, гIисинал гъутIби, рохьор рукIунел рухIчIаголъаби ва гьединго гьоркьо-гьоркьор чIахIиял гъутIбиги, рухIула.

Гьединлъидал газета гьоркьоб кьун, магIишаталъул нухмалъулез ва хIалтIухъабаз кутакалда гьарулеб буго районазул ва росабазул бутIрузда, жамагIаталда гIадамазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIаби гьареян, рохьоб цIа ккеялдаса цIодорго рукIаян. Болъихъ рохьил магIишаталъ цIаялдаса хIинкъи бугеб заманлъун чIезабун буго тIоцебесеб апрелалдаса 30 ноябралде



щвезегIан заман.

Рохьоб кIкIуй ва цIа бихьарав чияс росдал администрациялда ва рохьил хIалтIухъабазда хехго лъазабизе ккола ва рохьил магIишаталде 2-20-62 номералде ахIизе ккола.

Рохьал бикъа-хъамиялъул рахьалъ абуни, цо кубометр ихтияр гьечIого рохьоб цIул къотIани, бахъизе бихьизабун буго 31600 гъурущ.

**М. МухIамадхIажиев, «Ботлихское лесничество» ГКУялъул нухмалъулесул**

# Электронная трудовая книжка – документ настоящего и будущего

**С 1 января 2020 года в России действуют электронные трудовые книжки (ЭТК).**

Россия переходит на электронную систему документооборота, функционирует электронное правительство, в новом формате работают все учреждения и организации. Специалисты отмечают, что все электронные данные надежно защищены от кибератак и сведения не могут быть утеряны.

Начальник отдела ОПФ РФ по РД в Гумбетовском районе Далгат Джамалудинов, комментируя нашему сетевому изданию изменения в трудовом законодательстве и возможности электронной трудовой книжки, подчеркнул, что новая форма трудовых отношений имеет много преимуществ. «Чтобы перейти на формат электронной трудовой книжки (ЭТК), работник должен написать заявление до конца 2020 года. Если заявление не поступит, работодатель сохранит бумажную версию.




С 2021 года работники, которые устроились на новую работу, будут обслуживаться в электронной форме, для них заведут ЭТК, без бумажного варианта. При переходе на ЭТК также нужно беречь старую бумажную версию документа, так как в нем зафиксированы важные данные, накопленные до 2020 года», – прокомментировал Далгат Джамалудинов.

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, Мелъелтlа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Кьурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.